



### Lave men sove lavi: Sitiyasyon nan ka dijans

Apre yon ka dijans, li ka difisil pou jwenn dlo. Sepandan, si w lave men w epi w kite yo pwòp, ou pap tonbe malad fasil. Pi bon bagay ou ka fè se lave men w ak dlo e ak savon pandan 20 segonn. Sepandan, si w paka jwenn dlo, ou ka sèvi ak pwodui ki gen baz alkòl pou lave men w (dezenfektan).

Kilè w fèt pou lave men w?

- Anvan w pare manje oswa anvan w manje
- Lè w fin ale nan twalèt
- Lè w fin chanje kouchèt oswa lè w fin netwaye yon timoun ki te ale nan twalèt
- Anvan w okipe yon moun ki malad ak lè w fin okipe yon moun ki malad
- Apre w fin manyen manje ki pa kwit, sitou vyann kri, volay, oswa pwason
- Apre w fin mouche, touse oswa estènye
- Apre w fin manyen yon bêt oswa watè yon bêt
- Apre w fin manyen fatra
- Anvan ou kòmanse netwaye yon grafouyen oswa yon blesi ak lè w fin netwaye yo

Men kijan pou sèvi avèk dezenfektan pou men ki abaz alkòl

Lè w remake men w sal, ou fèt pou lave yo ak savon e ak dlo, si genyen. Sepandan, si pa gen ni savon ni dlo, sèvi ak yon dezenfektan pou men ki abaz alkòl.

- Met pwodui a sou yon pla men w.
- Fwote toulède men w yo ansanm.
- Fwote pwodui a toupatou sou men w ak dwèt ou jiskaske men w yo fin seche.

Remake: Kantite w bezwen an pou touye mikwòb ki sou men w yo pa menm, sa depann de pwodui a.

Men kijan pou lave men w avèk dlo e ak savon

1. Mete toulède men w ansanm anba dlo a (sèvi ak dlo tyèd si posib).
2. Fwote toulède men w yo ansanm pandan omwen 20 segonn (ak savon si posib). Lave tout men an nèt, ponyèt ou, pla men w, do men w, dwèt ou, ak tout anba zong ou.
3. Retire tout kras ki anba zong ou.
4. Rense savon an pou l soti nan men w.
5. Siye men w konplètman avèk yon sèvyèt pwòp si posib (konsa ou ka retire mikwòb yo). Sepandan, si pa gen sèvyèt kite l vante jiskaske l seche.
6. Tanponnen po w pase pou fwote l, sa va anpeche l fann.
7. Si wap sèvi ak sèvyèt pou jete, jete l nan fatra.

**Pa bliye:** Si pa gen dlo ni savon, sèvi ak yon dezenfektan pou men ki abaz alkòl.

Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou entènèt la nan [www.bt.cdc.gov/disasters](http://www.bt.cdc.gov/disasters),  
oswa rele CDC nan 800-CDC-INFO (lang angle ak panyòl) oswa rele 888-232-6348  
(pou moun ki soud ak bèbè – TTY)

15 fevriye 2007

Paj 1 sou 1